



**Office for People With  
Developmental Disabilities**

# Planifikasyon Tranzisyon: sot lekòl antre nan lavi granmoun

## Kisa ki yon planifikasyon tranzisyon e poukisa li enpotan?

Tout elèv toujou ap panse, "Kisa mwen pral fe ak lavi mwen aprè lekòl? Lekòl yo itilize pwosesis planifikasyon tranzisyon an pou ede elèv ki gen andikap ak fanmi yo planifye pou lavi apre lekòl segondè. Gen anpil sipò ak sèvis **Medicaid ki finanse** pou jèn adilt ki gen andikap devlopmantral apre lekòl segondè. Elèv yo ak fanmi yo dwe aplike pou sipò sa yo epi aplike pou Medicaid, si yo kalifye, kòm yon pati nan planifikasyon tranzisyon an. Elèv yo ak fanmi yo dwe aplike pou sipò **sa yo epi aplike pou Medicaid, si yo kalifye**, pou fè pati planifikasyon tranzisyon an. Sèvis lekòl yo disponib pou elèv ki gen andikap jouk nan fen ane lekòl kote yo gen 21 lane, oswa jiskaske yo diplome avèk yon diplòm Regents oswa lokal. Sepandan, chak elèv ta dwe gen yon plan tranzisyon an plas nan laj 15 zan oswa pi bonè (8 NYCRR 200.4 (d) (2) (ix)) asire ke sèvis yo ap disponib lè yo bezwen yo.

### Ki moun ki ka ede avèk pwogram planifikasyon tranzisyon an?

Moun ki pral ede w konnen chwa ou genyen yo se konseye pedagòjik lekòl segondè ou, pwofesè, lòt lekòl, fanmi, ak zanmi. Yon gwo sèk sipò ka ede ak pwosesis planifikasyon tranzisyon an.

### Kisa Sèk Sipò a ye?

Yon gwoup moun ke ou chwazi libreman ki ede ou panse sou enterè ou ak objektif, mete yo nan mo ak fè yo rive akonpli.

- Avèk enterè ou ak objektif nan tèt ou, sèk sipò ou ap ede ou fè chwa ak desizyon ki ede ou pran lavi ou anchaj.
- Ou chwazi manb sèk sipò ou. Men kèk moun ou ka chwazi yo se:
  - Manm fanmi, zanmi, vwazen, ak lòt moun nan kominote ou
  - Lekòl ki gen ladan pwofesè ou, konseye lekòl la, espesyalis tranzisyon, ak sipòtè tankou diskou, okipasyonèl oswa terapè fizik, travayè sosyal, sikològ, founisè sante mantal.
  - Manadjè Swen
  - Lòt founisè sèvis yo, tankou ekip soti nan:
    - Sèvis pou granmoun ak sèvis edikasyon kontinyèl-Reyabilitasyon pwofesyonèl (ACCES-VR)
    - Komisyon pou Avèk la (NYSCB)
    - Biwo pou Moun Ki gen Reta Devlopman (OPWDD)
    - Biwo Sante Mantal (OMH)

Pwosesis planifikasyon tranzisyon an ka ede w deside kisa ou vle fè aprè ou fini lekòl la. Ou ka enterese nan:

- Ale nan kolèj oswa nan yon lekòl pwofesyonèl oswa teknik
- Travay nan yon biznis kominote
- Komansman pwòp biznis paw
- Fè volontè nan kominote ou
- Patisipe nan atizana kreyatif, fè mizik, oswa danse

### Koman OPWDD kapab ede ou?

Nou ede moun ki gen reta devlopman mennen yon vi ki gen plis sans. Nou pral ede w viv pi endepandan posib epi patisipe nan kominote ou Nou apresye kapasite ak talan ou gen pou kontribye, ak dwa ou pou fè chwa sou lavi ou. Nou ofri sipò epi resous ki kapab ede ou pou:

- Benefisye relasyon ki enpòtan pou yo,
- Eksperyans sante pèsònèl ak kwasans
- Viv nan kay ou chwazi a
- Patisipe konplètman nan kominote ou yo

**Pou nimewo telefòn ak adrès imèl Kowòdonatè Tranzisyon Lokal OPWDD nan zòn ou an, ale nan:**

[https://opwdd.ny.gov/opwdd\\_services\\_supports/children/local-school-transition-coordinator-contact-list](https://opwdd.ny.gov/opwdd_services_supports/children/local-school-transition-coordinator-contact-list)

**Imèl:** [student.transition@opwdd.ny.gov](mailto:student.transition@opwdd.ny.gov)

Si ou pa deja jwenn sèvis OPWDD, w ap bezwen ale nan pwosesis Front Door nou an.

## Front Door OPWDD a se:

Ekip OPWDD Front Door a pral pale avèk ou sou sèvis OPWDD ak pwosesis Front Door la, epi yo pral refere w bay yon (òganizasyon Kowòdinasyon Swen (CCO) kote w ap travay avèk yon manadjè swen. Manadjè swen an ap ede ou menm ak sèk sipò ou la evalye enterè ou ak bezwen yo epi mete tèt yo ansanm pou etabli yon plan lavi (plan pou sèvis). Plan Lavi ou a ap dekri fòs ou ak kapasite ou, epitou y ap defini objektif ou ak bezwen sipò ou yo. Sèvis nou yo enkli sipò pou ede ou:

- Devlope ladrès travay epi jwenn yon travay nan kominote a,
- Devlope ak amelyore kapasite lavi chak jou,
- Pi aktif nan kominote w, epi
- Pi plis endepandan.

## Ede ak Jwenn yon travay

ACCES-VR ka travay avèk ou pou eksplòre opsyon djòb yo epi ede ou devlope ladrès travay yo. Anjeneral, elèv yo kòmanse travay ak ACCES-VR de ane anvan yo kite lekòl la. Pou plis enfòmasyon, ale nan [www.acces.nysed.gov/vr](http://www.acces.nysed.gov/vr), oswa rele 1-800-222-TRAVAY (5627).

## Konsèy pou paran ak elèv

- Kòmanse bonè; li pa janm twò bonè pou envestige posiblite yo
- Poze kesyon; dekouvri ki opsyon ki egziste nan kominote w la ak kijan pou aplike pou yo
- Aprann plis enfòmasyon sou pwosesis kalifikasyon pou resevwa sèvis yo. Chache konnen ki dokiman ou bezwen bay pou sipò yo pare lè sa nesèsè

Pou plis enfòmasyon sou Front Door OPWDD a ak sipò ak sèvis nan zòn ou an, rele Biwo Rejyonal pou konte w ap viv la:

## Biwo Rejyonal OPWDD

### Rejyon 1

**800-487-6310** -

Allegany,  
Cattaraugus,  
Chautauqua, Erie,  
Genesee, Niagara,  
Orleans) operational  
1/8/13

**855-OPWDDFL**

**(679-3335)** -

Chemung,  
Livingston, Monroe,  
Ontario, Schuyler,  
Seneca, Steuben,  
Wayne, Wyoming,  
Yates

### Rejyon 2

**607-771-7784**

Broome, Chenango,  
Delaware, Otsego,  
Tioga, Tompkins)

**315-793-9600**

Ext. Cayuga,  
Cortland, Herkimer,  
Lewis, Madison,  
Oneida, Onondaga,  
Oswego)

**518-536-3480** -

Clinton, Essex,  
Franklin, Hamilton,  
Jefferson, St.  
Lawrence)

### Rejyon 3

**518-388-0398** -

Albany, Fulton,  
Montgomery,  
Rensselaer, Saratoga,  
Schenectady,  
Schoharie, Warren,  
Washington)

**845-947-6390** -

Rockland County

**845-695-7330** -

Orange, Sullivan,  
Counties

**914-332-8960** -

Westchester County

**844-880-2151** -

Columbia, Dutchess,  
Green, Putnam, Ulster  
Counties

### Rejyon 4

**718-430-0757** -

Bronx

**718-642-8576** -

Brooklyn(Kings)

**646-766-3220** -

Manhattan (New  
York)

**718-217-6485** -

Queens

**718 982-1913** -

Staten Island  
(Richmond)

### Rejyon 5

**631-434-6000** -

Konte Nassau & Suffolk



Office for People With  
Developmental Disabilities

Vizite sit entènèt nou an nan [www.opwdd.ny.gov](http://www.opwdd.ny.gov)  
oswa kontakte liy enfòmasyon OPWDD a nan  
**(866) 946-9733**.

Moun ki gen pwoblèm tande: itilize Sistèm  
Relè NY la **7-1-1**

Vin patisipe nan  
Konvèsasyon an

Ede OPWDD kenbe w enfòmè –  
Patisipe nan Konvèsasyon an jodi a menm pou w  
ka jwenn enfòmasyon egzat, nan bon moman.

Patisipe nan Konvèsasyon an jodi a sou  
[opwdd.ny.gov/jointheconversation](http://opwdd.ny.gov/jointheconversation)